



LI ILEGAL POU MANDE MOUN SALÈ YO TE TOUCHE AVAN PANDAN PWOSESIS ANBOCHAJ LAN NAN VIL NEW YORK:

FÈY ENFÒMASYON POU ANPLWAYÈ YO

Pwoteksyon Kont Kesyon Konsènan Salè Yon Aplikan Avan

Kòmanse 31 oktòb 2017, anplwayè nan Vil New York yo p ap ka mande oswa depann sou salè moun te touche avan pandan pwosesis anbochaj lan. Objektif lwa a se pou kanpe sik inegalite nan salè pou fanm ak moun ki pa blan yo ak ankouraje anplwayè yo peye moun selon kalifikasyon yo.

Q. Èske nouvo lwa sa a aplike pou biznis mwen an?

A. Wi. Nouvo lwa sa a aplike pou tout anplwayè nan Vil New York, kèlkeswa gwosè biznis yo. Si ou gen omwen yon anplwaye nan Vil New York, ou dwe respekte lwa sa a.

Q. Ki moun ki pwoteje?

A. Pifò aplikan pou nouvo djòb nan Vil New York pwoteje, eksepte:

- Aplikan pou transfè entèn oswa pwomosyon ak anplwayè yo deja genyen.
- Aplikan pou pozisyon ak anplwayè leta kote konpansasyon an fikse dapre yon akò negosyasyon kolektif. Sepandan, yo entèdi ajans gouvènman Minisipal yo mande enfòmasyon oswa pou depann sou salè aplikan yo te gen avan dapre Dekrè Egzekitif Majistral 21, ki te siyen 4 novanm 2016.

Q. Ki sa ki entèdi?

A. Anplwayè yo pa kapab:

- Mande aplikan yo kesyon oswa mande enfòmasyon sou salè oswa avantaj aplikan yo kounye a oswa avan, pa egzans, sou aplikasyon travay yo.
- Mande aplikan enfòmasyon sou salè oswa avantaj aplikan yo kounye a oswa nan ansyen travay yo.
- Chèche nan dosye piblik pou jwenn enfòmasyon sou salè oswa avantaj aplikan yo kounye a oswa avan.
- Depann sou enfòmasyon sou salè oswa avantaj aplikan yo kounye a oswa avan pou deside konbyen y ap peye yo.

Q. Ki sa ki pa entèdi?

A. Anplwayè yo kapab:

- Fè deklarasyon sou salè yo prevwa, limit salè, bonis, ak avantaj pou yon pozisyon.
- Mande enfòmasyon sou sa aplikasyon ap atann oswa egzije kòm salè, avantaj, bonis, oswa estrikti komisyon.
- Mande enfòmasyon sou endikatè objektif konsènan pwodiktivite travay aplikan an nan travay li ye nan moman an oswa ansyen travay li yo, tankou revni, lavant, rapò sou pwodiksyon, benefis li te jenere, oswa kontablite biznis la.
- Fè rechèch sou travay aplikan an ye nan moman an oswa kote li te ye avan oswa chèche sou entènèt pou verifiye enfòmasyon tankou kijan li te travay, responsablite, oswa reyalizasyon li yo. Sepandan, si li ta dekouvri salè oswa avantaj aplikan an kounye a oswa avan, anplwayè a pa ka depann sou enfòmasyon sa yo pou pran desizyon sou salè oswa avantaj.
- Fè rechèch sou salè avan lwa federal, eta oswa lokal yo otorize oswa egzije.
- Verifiye epi konsidere salè oswa avantaj kounye a oswa avan sèlman si aplikan an ofri yo volontèman san anplwayè a pa te mande enfòmasyon yo.

Q. Ki konsekans ki genyen pou patwon ki vyole lwa a?

A. Yo ka oblije peye domaj, yon amann, ak / oswa sibi plis solisyon afimatif tankou fòmasyon obligatwa ak afiche egzijans yo.



Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan responsablite ou kòn yon anplwayè nan Vil New York anba Lwa Dwa Moun Vil New York la, ale sou sitwèb [NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights). Ou ka enskri pou ale nan yon fòmasyon sou Lwa a ak jwenn aksè nan materyèl ak enfòmasyon itil sou fason pou konfòme.

@NYCCHR NYC.gov/SalaryHistoryNYC

#SalaryIsHistoryNYC

NYC Commission on Human Rights